

Yon ti gade sou sitiyasyon peyi a

Mwa jiye 2017

Depi de-twa mwa CRAN pa t fè yo tandè vwa l. CRAN t ap gade ak anpil atansyon sa k pase nan peyi a.

1. Lavi chè.

Tout moun wè l ak de grenn je yo : lavi a vin pi chè chak jou, men chak moun kapab konprann koze a yon fason diferan. Pri gaz la monte, kifè, lapoula tout transpò vin pi chè ansanm ak tout danre yo transpòte pou rive nan mache a. Epitou, dola meriken vin pi chè ak tout sa k sòti lòt bòdlo pou rive sou tab moun yo pa bò isit la.

Men moun yo wè tou :

Lè pri dola monte, pri tout danre yo monte. Lè pri dola desann pi fò danre rete pi chè, yo pa p desann ... kilès ki pran avantaj jefò Gouvènman an t ap fè pou fè dola a bese ak lajan Leta a ?

Tout bagay vin pi chè, men salè moun k ap travay yo rete menm jan, tankou salè moun k ap travay nan faktori. Nan sektè edikasyon anpil moun ap travay san yo pa touche. An menm tan koripsyon rete menm jan, gaspiyay nan Leta pa diminye ... otorite toujou mache ak pakèt sekirite ki fè moun mande: pou kisa yo bezwen pè pèp la konsa?

CRAN panse koze lavichè mande yon apwòch global. Li sèten, Leta bezwen rantre kòb pou l òganize sèvis piblik yo byen. Men tou : Leta dwe batay kont koripsyon ak gaspiyay san gade dèyè. Nan sa otorite yo dwe bay yon bon egzann. An menm tan, popilasyon an toujou ap tann bon sèvis nan men Leta a, epi pou yo rann kont jesyon yo.

Koripsyon tou fè lavi a vin chè, sitou pou sa k pi pòv yo, paske tout chay lavi a se yo k ap peye l.

Lè lavi vin pi chè pou youn, li vin pi chè pou lòt tou. Konsa, li nòmman pou salè ogmante pou reponn ak sa moun bezwen pou viv ak fanmi yo.

2. Yon salè ki jis

Lè yon moun travay nan faktori tout lajounen, se sèl salè l ki sous la pou l kapab viv. Tout sosyete pa menm. Men, moun ki di salè pa kab monte, pou faktori pa pran chimen lòt peyi, yo byen konnen se pa salè sèlman ki pwoblèm nan.

Salè yo an Ayiti pami sa k pi ba nan zòn nan. Si selon Bank Mondyal la salè mwayenn nan Repiblik Dominiken an rive 455,80 \$, an Ayiti li rete 63,30 \$ pou mwa a.

Li nòmman pou popilasyon an vle amelyore kondisyon lavi li ak travay l ap fè a. Eske ak 335 goud yo pwopoze a pou yon jounen travay, yon fanmi kapab viv ? Menm yon konsiltasyon nan dispansè Leta koute 50 goud ; lapoula y ap voye w fè egzamen. Medikaman se pa pale. Sèvis Leta : pa gen sa. Asirans: pa gen sa pou pi fò moun. Lekòl pou timoun se peye chè, oubyen se chwazi kote y ap fè grèv nan lekòl Leta.

CRAN pa fin konprann pou kisa se moun ki touche pi ba yo, ki pa gen dwa amelyore sityasyon lavi yo.

Patwona a plede pwopoze pou se Leta ki kreye sèvis sosyal pou travayè yo. Men ki avni sèvis sosyal sa yo genyen ? Jodi a yo la, denmen yo pa la ankò. Epitou, ak ki lajan Leta a ap mete sèvis sa yo, si se pa ak lajan Leta a, ki lajan pèp la ? Konsa, se sibvansyon Leta ap bay faktori yo.

Yon papa pitit, yon manman pitit dwe kapab pote kichòy pou fanmi li, aprè li fin touche salè l. Se sa jistis la mande.

3. Jistis pou peyizan yo

Depi lè CRAN te analize Deklarasyon Gouvènman Premye Minis la t ap fè a, li te poze kesyon sou politik agrikòl Gouvènman an.

Konstitisyon peyi a mande pou Leta pwoteje peyizan yo k ap okipe yon tè, k ap travay li epi k ap fè l donnen. Nou kapab li entwodiksyon Konstitisyon an sou sa, ansanm ak atik 246 rive 251.

Kounye a, nou tande gen plizyè kote nan peyi a, tankou nan komin Kabarè, a Manèg, kote yo te mete peyizan deyò sou tè yo t ap okipe. Kote yo te ye a, se tè Leta. Men gen moun nan Leta ki vle fè kèk grandon kado l, pou fè plantasyon oubyen zòn franch.

CRAN te mande pou Gouvènman an pale klè sou chwa l fè nan domèn agrikòl. Pi fò moun nan peyi a toujou ap travay tè. Se nan ti antrepriz familyal y ap travay. Men Leta pa janm te ankadre yo, epi yo pa janm te benefisye kredi nan men Leta oswa nan men bank prive yo. Kounye a, y ap aji ak yo, kòm kwa se yo k fè peyi a pa vane. Gouvènman

sa a, ki te pran pouvwa ak pwomès y ap bay peyizan repons, dwe bay yon repons vrè. Li pa kab nan blòf ak konfyolo ak gwo zouzoun yo pou mete moun k ap travay, ki vle travay pi byen, deyò sou tè yo.

4. Pakèt konfli ki gen nan sosyete a

Devan pakèt konfli ki genyen nan tout sosyete a, CRAN mande:

- Fòk gen transparans bò kote otorite yo. Transparans se pa menm bagay ak pale anpil. Transparans se pa menm bagay ak yon « fèy de wout ». Transparans se egzije pou genyen chwa politik ak priyorite ki piblik, ki fè moun konnen yo. Tankou lè y ap remete lame d Ayiti, paske nou pa vle tonbe nan sa n te ye anvan an.
- Gouvènman an te pwomèt y ap rezoud kriz ki genyen nan prizon yo. Y ap asire yon lavi kòrèk pou detni ak prizonye yo. Se pou sa, Prezidan an te mete yon komisyon prezidansyèl sou pye. Nan rapò komisyon an nou wè, se sitou konfli politik yo ki t ap regle.
- Gouvènman an dwe rezoud pwoblèm yo. Pa kite yo anvlimen lavi sosyal la. Konfli anndan administrasyon yo, tankou OAVCT, nan tribinal yo, nan lekòl yo, kote moun ap travay, el... Si moun gen dwa, fòk Leta reponn. Si Leta gen responsablite, li dwe pran l. Si moun pa gen dwa selon lalwa, fòk yo esplike pou kisa se tèl ou tèl jan y ap regle koze a.
- Nan mitan tout chirepit ak revandikasyon, fòk Leta montre li gen kapasite pou l jere kesyon yo. Epi tou, gwoup sosyal yo tou dwe sansib pou tout pwoblèm peyi a genyen.
- Leta dwe vin kredib pou l kapab fè sa l dwe fè a. Lit kont koripsyon, kont gaspiyay ak enpinite dwe pèmèt tout moun reprann konfyans nan Leta a.
- Finalman, dwe gen yon dyalòg sosyal nan peyi a. Fòk diferan sektè yo kapab chita ansanm. Pou sa kapab reyalize, dwe gen konfyans ak transparans nan peyi a.

Quelques considérations sur la situation générale du pays

Juillet 2017

Depuis deux-trois mois, la CRAN ne s'est pas fait entendre. Dès lors, la CRAN observait l'action gouvernementale.

1. La cherté de la vie

Ce n'est un secret pour personne, le coût de la vie augmente chaque jour, mais chacun peut bien avoir une perception différente des choses. Quand les prix du carburant montent, toute de suite, le transport devient plus cher et toutes les denrées qui utilisent les moyens de transport pour

rentrer au marché suivent. De la même façon, le dollar américain devient plus cher et toute de suite les prix de toutes les denrées importées suivent.

Mais on observe également : quand le taux de change du dollar redescend, les prix en général restent comme avant ... qui profite des efforts du Gouvernement pour faire baisser le taux du dollar avec les moyens de l'Etat ?

Tout devient cher, mais le salaire des travailleurs reste au même niveau, comme on constate pour les salaires dans la sous-traitance. Dans le secteur de l'éducation bon nombre de gens travaillent sans toucher de salaire. Entre-temps la corruption reste ce qu'elle est, le gaspillage dans l'Etat ne diminue pas ... les autorités continuent à se déplacer avec leur cortège de sécurité, qui suscite des interrogations : pourquoi devraient-elles se méfier de la population ?

La CRAN croit que la question de la cherté de la vie demande une approche globale. Certes, l'État nécessite des rentrées pour organiser de bons services publics, mais en même temps, l'Etat doit combattre fermement la corruption et le gaspillage. Les autorités devraient bien tracer le bon exemple. En même temps, la population attend de bons services efficaces de la part de l'Etat et une bonne reddition de comptes.

La corruption est une des causes de la vie cherté de la vie, surtout pour les plus vulnérables, parce que ce sont eux qui paient en dernier ressort.

Quand le coût de la vie augmente pour une catégorie de personnes, il devient plus cher pour tous. Il est donc normal qu'il doit y avoir des augmentations des salaires selon les besoins des travailleurs et de leurs familles.

2. Un salaire juste

Quand quelqu'un travaille toute une journée dans une usine, à la fin de la journée, seulement le salaire lui reste pour vivre. Certes, chaque société est différente. Mais, ceux qui prétendent que les salaires ne peuvent être ajustés par peur que les usines ne quittent le pays, savent très bien que ce n'est pas la question du salaire seulement qui est en jeu.

Les salaires en Haïti se situent parmi les plus bas de la région. Selon la Banque Mondiale le salaire moyen est de 455,80 \$ US en République Dominicaine, en Haïti le salaire moyen mensuel est toujours 63,30 \$ US.

Il est bien normal que la population veut améliorer ses conditions de vie par son travail. Est-ce qu'alors 335 gourdes pour une journée de travail permettraient à une famille de vivre ? Une consultation dans un dispensaire de l'Etat coûte 50 gourdes ; on ne sort pas sans une série de prescriptions d'examen à faire. Ne parlons pas des médicaments. Des services étatiques ? Cela n'existe presque plus. Une assurance maladie ? Inexistant pour la majorité de la population. Les écoles se font payer cher, ou bien il faut choisir les écoles de l'Etat qui sont en grève comme activité principale.

La CRAN ne comprend pas bien pourquoi le simple travailleur qui touche le plus bas salaire, n'aurait pas le droit d'améliorer ses conditions de vie.

Le patronat propose pour que l'Etat organise des services sociaux pour les travailleurs. Mais quelle serait l'avenir de ces services ? Aujourd'hui ils sont là, demain ils n'existent plus. Puis, c'est l'argent

de l'Etat (l'argent du peuple) qui les financerait. Ainsi on entre dans un système de subvention aux usines de la sous-traitance.

Un père ou une mère de famille doit être en mesure de porter quelque chose pour sa famille quand il touche son salaire. Ceci est une exigence de la justice.

3. Justice pour les paysans

Lors de l'analyse de la Déclaration de Gouvernement du Premier Ministre, la CRAN s'est interrogée sur la politique agricole du Gouvernement.

La Constitution du pays demande que l'Etat protège les paysans qui occupent la terre, la travaillent et la font fructifier. On peut lire le préambule de la Constitution et les articles 246 au 251.

La CRAN apprend qu'en plusieurs endroits à travers le pays, comme dans la commune de Cabaret (à Manègue), des paysans ont été expulsés de leurs terres, qui sont des terres de l'Etat. Mais certaines personnes dans l'Etat veulent offrir les terres en cadeau à des personnes privées pour en faire des plantations ou des zones franches.

La CRAN a demandé au Gouvernement d'expliquer clairement sa politique agricole. La majeure partie de la population haïtienne travaille toujours la terre dans le cadre d'une petite entreprise familiale. L'Etat ne les encadre pas, ils ne reçoivent aucune forme de crédit de la part de l'Etat ou des banques privées. Maintenant on les traite comme quoi, ce seraient eux qui empêcheraient l'avancement du pays. Le Gouvernement en place est monté au pouvoir avec la promesse de donner une réponse aux paysans ; il leur doit une vraie réponse. Il ne peut se contenter de faux promesses et des alliances avec la bourgeoisie, et expulser de leurs terres ceux qui veulent améliorer le rendement de leur travail.

4. Une société pleine de conflits

Confrontée aux nombreux conflits qui traversent la société, la CRAN demande :

- Il faut de la transparence de la part des autorités. Transparence ne signifie pas de grandes déclarations ou même pas une feuille de route. La transparence concerne des choix et des priorités politiques qui sont rendus publics. Par exemple il faut être clair quand on veut remembrer les FAd'H, parce que la population ne veut plus répéter les erreurs du passé.
- Le Gouvernement a promis de résoudre la crise dans les prisons par des conditions de vie correctes pour les détenus et prisonniers. Pour cela, le Président avait créé une commission présidentielle. Mais le rapport réalisé illustre surtout des règlements de comptes politiques.
- Le Gouvernement doit résoudre les nombreux problèmes qui se posent, et ne pas permettre qu'ils empoisonnent le climat social. Conflits dans les administrations comme l'OAVCT, les tribunaux, les écoles, le monde du travail, ... Si les gens ont des droits, que l'Etat donne une réponse positive. Si l'Etat a des responsabilités, qu'il prenne ses responsabilités. Si les gens n'ont pas de droit d'après la loi, qu'on explique clairement la solution proposée.

- Au milieu des discussions et revendications, l'Etat doit montrer sa capacité de gérer les problèmes. De même, les groupes sociaux doivent faire preuve de compréhension pour les problèmes du pays.
- L'Etat doit devenir crédible et s'engager résolument dans ce qu'il doit faire : lutter contre la corruption, lutter contre le gaspillage et l'impunité, afin de mériter la confiance de la population.
- Pour finir, un climat de dialogue social doit s'installer dans le pays. Les différents secteurs doivent pouvoir se rencontrer. La confiance et la transparence en sont les conditions indispensables.

Pour la CRAN,

Pierre Yoldy Clermont, TKL, cell. 4242 5501

Rateau Jn Ulrick, ASOKOPEG, cell. 3694 4450

Philomé Lucien, KLAM, cell. 3720 7416

Jn Guillaume Vivianette, CRAN

Lovely Lubin, sekretè CRAN, cell. 3706 9640

Papatoute Egzanté, TKL, cell. 4491 0558

Me Chrisnel DORSAINIL, CREE, coordonnateur adjoint, cell. 3727 4593

P. Jan Hanssens, cicm, manm CONASCH, coordonnateur CRAN, cell. 4084 3139